

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

Dina ieu bab dipedar kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

5.1 Kacindekan

Naskah drama “Buuk Seuneu” karya Ériyandi Budiman miboga struktur naskah drama anu diwangun ku babak, adegan, prolog, dialog (wawancang jeung kramagung), épilog, *solilokui*, jeung *aside*. Salian ti éta, ieu naskah téh miboga struktur carita anu diwangun ku téma, jeung fakta carita (galur, latar, jeung tokoh/karakter). Ieu panalungtikan diulik ku psikologi sastra, anu ngawengku struktur kapribadian jeung kapribadian psikoanalisis. Struktur kapribadian diwangun ku *id*, *ego*, jeung *superego*. Sedengkeun kapribadian psikoanalisis diwangun ku alam bawah sadar jeung tiori ngimpi. Naskah drama “Buuk seuneu” mangrupa bagéan tina buku kumpulan naskah drama Sunda anu judulna “Jeblog”. Eta buku téh mangrupa buku kumpulan naskah drama pinunjul saémbara ngarang naskah drama anu diayakeun ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PP-SS) dina taun 2007. Ieu naskah drama nyaritakeun hiji tokoh nyaéta Panji Tengkorak anu keleungitan cintana lantaran ditinggalkeun maot ku bébénéna. Antukna manéhna ngarasa nalangsa nepi ka nyieun dunyana sorangan.

Naskah drama “Buuk Seuneu” miboga struktur naskah drama. Dina ieu naskah kapanggih aya tilu babak. Dina unggal babak tangtu waé diwangun ku sababaraha adegan. Babak ka-1 diwengku ku 13 adegan, babak ka-2 diwengku ku 15 adegan, jeung babak ka-3 diwengku ku 7 adegan. Saupama dijumlahkeun kabéhna aya 32 adegan dina 3 babak. Satuluyna prolog dina ieu naskah drama mangrupa monolog anu dibarengan ku adegan Panji Tengkorak nu nyényéréd tambela bari nyebut-nyebut ngaran bébénéna. Di dieu, dialog dibagi jadi dua, nyaéta wawancang jeung kramagung. Katitén jumlah wawancang aya 304, jeung jumlah kramagung aya 226. Dina ieu naskah, nyangkaruk épilog nu mangrupa wangun kramagung. Satuluyna *solilokui* atawa monolog aya opat, sakabéhna aya di babak ka-1 ti adegan ka-1 nepi ka adegan ka-4. Pamungkas, *aside* dina ieu naskah drama ngan kapanggih hiji nyaéta dialog Tukang Parkir anu dina naskahna geus ditulis katerangan ngomong ka panongton.

Salian ti struktur naskah drama, ieu naskah drama téh maluruh struktur carita, nyaéta téma jeung fakta carita nu ngawengku téma, galur, latar, jeung tokoh/karakter.

Téma dina ieu carita nyaéta kaleungitan cinta. Dina ieu naskah, nu ngalaman kaleungitan cinta nyaéta Panji Tengkorak salaku tokoh utama. Ti mimiti nepi ahir mangrupa *representasi* pikiran Panji Tengkorak anu nalangsa ditinggalkeun ku bébénéna. Pasualan nu aya dina carita mangrupa pasualan-pasualan nu kompléks lantaran unggal adegan béda-béda bahasan. Éta sakabéhna silih pakait, lantaran kabéh kajadian nu aya dina carita mangrupa manifestasi tina pikiran Panji Tengkorak.

Galur nu kapanggih dina ieu naskah nyaéta galur maju, lantaran sakabéh kajadian dina carita ngaruntuy ti mimiti carita nepi ka ahir carita. Tokoh dina ieu naskah drama kawilang loba. Kacatet aya 32 tokoh anu dibagi dumasar kana peranna jadi tilu rupa, nyaéta tokoh protagonis (7 tokoh), tokoh antagonis (3 tokoh), jeung tokoh tritagonis (22 tokoh). Latar dina ieu naskah dibagi jadi tilu rupa, nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Dina ieu naskah drama kapanggih aya 16 latar tempat, 9 latar waktu, jeung 8 latar sosial.

Sabada dipaluruh, struktur kapribadian anu katitén dina naskah drama “Buuk Seuneu” teu sakabéhna aya dina unggal tokoh. Ku kituna, ngan aya sababaraha tokoh nu nuduhkeun kapribadian *id*, *ego*, atawa *superego*, di antarana: tokoh Panji Tengkorak, Hanoman, jeung Ustad Jéfry miboga kapribadian *id* jeung *ego*; Éva Maria, Nagun, jeung Wéni miboga kapribadian *id* wungkul; sarta Produser jeung Inong miboga kapribadian *superego* wungkul.

Saupama ditilik tina sagemblengna carita, kabéh tokoh nu aya mangrupa wangun simbolisasi jeung *penyamaran* tina rasa atawa sipat Panji Tengkorak dina alam teu sadar, nyaéta dina tiori ngimpi. Saperti tokoh Hanoman anu nyieun kahuruan di lokasi *shooting*. Saupama ditilik tina ma’na nu nyangkaruk tina sagemblengna carita nyaéta éta hal téh mangrupa gambaran kaambek jeung peunggas harepan Panji Tengkorak lantaran teu bisa ngapimilik deui bébénéna. Éta hal téh mangrupa kapribadian *id* Panji Tengkorak nu can narima ditinggalkeun ku bébénéna, manéhna masih kénéh butuh ku cinta. Tapi dina ahir carita Panji

Tengkorak éléh ku *ego*-na sorangan lantaran rasa kaambek manéhna ngabalukarkeun petaka keur diri manéhna sorangan.

5.2 Implikasi

Naskah drama “Buuk Seuneu” mangrupa salasihiji karya sastra Sunda anu dijerona miboga amanat nu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Ieu panalungtikan tangtu teu leupas tina tiori-tiori nu aya patalina jeung objék panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, salasihijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda.

Kamekaran karya Sunda bisa dimangpaatkeun minangka salasihiji cara ngawanohkeun sastra Sunda, hususna ka para generasi satuluyna sangkan daék mikawanoh kana karya sastra Sunda. Salian ti éta, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban data ngeunaan karya sastra hususna dina widang naskah drama.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan ngeunaan *Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra kana Naskah Drama “Buuk Seuneu” karya Ériyandi Budiman* dilaksanakeun. Panalungtik ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna jeung hususna pikeun kamekaran sastra Sunda.

Kahiji, panalungtikan sarupa anu maluruh psikologi sastra perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Anu jadi tinimbang sangkan kapanggih aspék psikologi sastra dina karya-karya séjén jeung pangarang séjén.

Kadua, lembaga paélmuan dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajénan sarta ngahudangkeun karep masarakat dina ngajénan karya sastra hususna karya sastra Sunda dina widang Psikologi Sastra.

Katilu, pikeun panalungtikan satuluyna leuwih merenah ngagunakeun tiori *absurditas* atawa *suréalis*. Ku sabab, ieu naskah drama téh mangrupa karya sastra nu béda jeung karya sastra konvénsional. Ditilik dina caritana mangrupa carita nu *absurd*, galur nu dipakéna teu bisa ngunakeun galur teorikal wungkul, sarta struktur caritana ngagunakeun carita *berbingkai*. Ku kituna, panalungtikan kana naskah

drama *Buuk Seuneu* perlu maké ulikan *absurditas* jeung analisis struktur caritana ngagunakeun tiori carita *berbingkai*.